ESIH
Ecole Supérieure d'Infotronique d'Haïti
Chercher, Innover, Entreprendre

USAID
FROM THE AMERICAN PEOPLE



# Syans Sosyal

## Gid mèt la

**1è AF**



**Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl**

**2014 - 2015**

FONDATION FIERE HAITI

HAÏTI Futur

Gid mèt sa rive fèt ak sipò pèp ameriken an ak èd United States Agency for International Development (USAID).
Konsòsyòm ACR-Ayti a responsab kontni li epi kontni sa pa reflete opinyon gouvènman ameriken a.

# Piktogram

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
|  | deplase |  | eksplowe |  | gade ak pale |
|  | pale |  | antoure |  | tande |
|  | chante |  | ekri |  | gade ak tande |
|  | desine |  | manipile |  | gade |
|  | relie |  | chwazi |  | chwazi *(anndan yon imaj)* |
|  | travay sou adwaz |  | kolorye |  | koute ak gade |
|  | fè kòmsi |  | li |  | koute ak pale |

# Prezantasyon gid mèt la

Nimewo, non ak kategori aktivite a.

Materyèl nesesè pou reyalize aktivite a.

Aktivite gwoup oswa pèsonèl.

Kantite tan aktivite a ap dire ka varye ant 1, 2, 3 .

Anndan klas oswa deyò klas.

Kantite ekran pou aktivite a.

Plas aktivite a nan kou a.



Etap aktivite pou gide mèt la.

Aksyon mèt la pandan tout aktivite a etap pa etap.



| M ap pratike | Aktivite 4 : Distenge « anwo" ak "anba" . | | | 4/10 |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo, youn apre lòt, vini antoure bèt ki sou pye bwa a | Chak elèv ki deziye pral antoure yon bèt ki sou pye bwa a. |
| 3 | Mande elèv yo, youn apre lòt, vini fè yon kwa sou moun ki anba pye bwa a | Chak elèv ki deziye pral fè yon kwa sou yon moun ki anba pye bwa a. |

Antoure bèt ki sou pye bwa a epi fè yon kwa sou moun ki anba pye bwa.

Ekran

Antoure bèt ki sou pye bwa a epi fè yon kwa sou moun ki anba pye bwa.

Ekran korije

Aksyon elèv la pandan tout aktivite a etap pa etap.

Imaj aktivite a.
Li ka nan plizyè ekran.

Koreksyon aktivite a lè li nesesè.

# Objektif Jeneral Syans Sosyal 1AF

| Tèm | Objektif prensipal |
| --- | --- |
| Espas jewografik | Rekonèt  prensipal eleman fizik ki nan anviwònman nou. |
| Oryantasyon nan lespas : Pozisyon nan lespas | Rekonèt divès  pozisyon yon eleman ka pran. |
| Oryantasyon : Dimansyon ak fòm eleman yo nan lespas | Repwodui divès dimansyon ak fòm nan lespas. |
| Divizyon tan an: Jou yo nan semèn nan | Site sèt jou nan semèn nan, nan lòd. |
| Konnen tèt nou ak lòt yo : Idantite pèsonèl. | Rekonèt idantite nou ak pa lòt yo. |
| Anviwònman sosyal : Fanmi an | Idantifye manm fanmi nou ak aktivite yo chak. |
| Anviwònman sosyal : Lakay | Distenge plizyè kalite kay ak divès pati yo genyen. |
| Anviwònman sosyal : Lekòl | Idantifye non ak adrès lekòl nou, non moun ki travay ladann epi aktivite k ap fèt nan lekòl la. |
| Tan istorik : Dat enpòtan nan lavi fanmi an ak peyi a | Fete kèk dat nan lavi fanmi an ak kèk dat fèt nasyonal. |

# Plan leson yo

## 1. Premye trimès


- Leson 1: Idantite nou ……………………………………………………………………………8
- Leson 2: 7 jou semèn nan ……………………………………………………………………..19
- Leson 3: Lekòl mwen ……………………………………………………………………………..33
- Leson 4: Aktivite nan lekòl …………………………………………………………………45
- Leson 5: Lakay nou ……………………………………………………………………………………56
- Leson 6: Pozisyon eleman ki nan anviwònman nou ………………………………….67
- Leson 7: Peyisay ki nan anviwònman nou ………………………………………………….78
- Leson 8: Revizyon ………………………………………………………………………………………….91


## 2. Dezyèm trimès


- Leson 9: Idantifye manm fanmi an ………………………………………………………..103
- Leson 10: Aktivite manm fanmi an ………………………………………………………..115
- Leson 11: Fèt nasyonal Ayisyen …………………………………………………………..129
- Leson 12: Relasyon ak manm fanmi nou ………………………………………………..143
- Leson 13: Kalite kay ………………………………………………………………………………….155
- Leson 14: Jou fèt mwen ……………………………………………………………………………..169
- Leson 15: Dimansyon eleman nan anviwònman ……………………………………..181
- Leson 16: Revizyon …………………………………………………………………………………….192

# Plan leson yo

1. **Twazyèm trimès**


- Leson 17: Drapo nou ……………………………………………………………………………………...205
- Leson 18: Sa nou dwe konnen sou peyi nou ……………………………………………….217
- Leson 19: Fèt nan ane a …………………………………………………………………………………228
- Leson 20: Pozisyon adwat agoch ………………………………………………………………..239
- Leson 21: Eleman an anviwònman nou ………………………………………………………251
- Leson 22: Dwa timoun ……………………………………………………………………………………261
- Leson 23: Idantifikasyon ak itilizasyon batiman nan kominote a ………………..272
- Leson 24: Revizyon batiman nan anviwònman nou ……………………………………284

# Leson 1
## Idantite nou



# Rezime aktivite kou a:

## N ap pare nou



**Aktivite 1 :** Rekonèt diferans nou.

## N ap dekouvri



**Aktivite 2 :** Idantifye non, siyati, dat nou fèt.



**Aktivite 3** : Distenge kèk karakteristik fizik.



**Aktivite 4:** Tabli diferans nan wotè.

## N ap pratike



**Aktivite 5:** Distenge diferans nan koulè po.



**Aktivite 6:** Konpare wotè.

## N ap kontwole kisa n aprann



**Aktivite 7**: Diferansye kèk karakteristik fizik.

.



**Aktivite 8:** Idantifye moun sou baz karakteristik fizik yo.

## N ap amize nou



**Aktivite 9:** Prezante karakteristik fizik ak preferans.

**Aktivite 1 :** Rekonèt diferans nou.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo koute chante a. | Koute chante a. |
| 3 | Mande elèv yo chante tou. | Chante. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9




Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 3 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite de elèv pase devan tablo a pou klike sou wopalè yo.<br>Mande tout timoun Koute Ana epi Jan. | Elèv ki deziye yo ap pase devan tablo a.<br>Tout elèv ap koute Ana ak Jan. |
| 3 | Mande elèv yo di ki sa yo tande. Nan prezantasyon Ana ak prezantasyon Jan. | Di kisa yo tande. |






Ekran 2

| N ap dekouvri | **Aktivite 3** : Distenge kèk karakteristik fizik. | 3/9 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 3 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv yo youn apre lòt :<br>-klike sou yon imaj<br>-di ki karakteristik timoun ki anba imaj la.<br>Lè yon timoun fin bay lide l, mande lòt elèv yo si yo tout dakò.<br>Si gen erè kontinye envite elèv yo pase devan tablo pou ede kamarad yo, jiskaske tout karakteristik sa yo idantifye: 1) timoun nwa, timoun gwo, 2) timoun cheve long, 3) timoun mancho / andikape 4) timoun po klè, 5) timoun sou chèz woulan, 6) timoun blan, cheve dwat. | Youn apre lòt, chwazi yon imaj, di ki aktivite li reprezante epi di ak ki kou li koresponn<br><br>Di si yo dakò oswa pa dakò ak lide epi di poukisa. |






Ekran 3




Ekran korije

**Aktivite 4**: Tabli diferans nan wotè.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv yo gade diferans wotè ki kapab genyen pou 2 timoun ki menm laj.<br><br>Envite timoun yo 2 pa 2 konpare wotè pa yo, youn ak lòt, pandan yap kanpe. | Obsève diferans wotè pou 2 timoun menm laj.<br><br>Konpare wotè pa yo, pandan yap kanpe. |






Ekran 4

**N ap pratike** | **Aktivite 5:** Distenge diferans nan koulè po.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande 5 elèv, youn apre lòt, pou vin antoure yon timoun ki genyen koulè po nwa, sou youn nan desen yo.<br><br>Mande lòt elèv yo si tout dakò lè chak elèv fin antoure yon timoun. Si yo pa dakò mande yo pou ede kamarad yo. | 5 Elèv ki deziye yo ap vin antoure yon timoun ki genyen koulè po nwa, sou youn nan desen yo.<br><br>Lòt elèv yo ap di si yo dakò. Si yo pa dakò yo ap ede kamarad yo. |






Ekran 5




Ekran korije

**Aktivite 6:** Konpare wotè.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande 2 elèv youn apre lòt pou vini antoure sou tablo timoun ki pi wo sou chak foto.<br><br>Mande lòt elèv yo si yo dakò oswa pa dakò apre chak elèv fini. Si yo pa dakò mande yo ede kamarad yo. | Elèv ki deziye yo ap vin  antoure sou tablo a timoun ki pi wo sou chak foto.<br><br>Lòt elèv yo ap di si yo dakò oswa pa dakò epi ede kamarad yo si sa nesesè. |






Ekran 6




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande 4 elèv youn apre lòt vini sou tablo klike sou yon wopalè pou relye chak timoun ak son ki koresponn ak li.<br>Mande lòt elèv yo si yo dakò oswa pa dakò apre chak elèv fini. Si yo pa dakò mande yo ede kamarad yo. | Elèv ki dezye yo ap klike sou yon wopalè pou relye chak timoun ak son ki koresponn ak li.<br>Lòt elèv yo ap di si yo dakò. Si yo pa dakò yo ap ede kamarad yo. |






Ekran 7




Ekran korije

**Aktivite 8:** Idantifye moun sou baz karakteristik fizik yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj yo ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv youn apre lòt pou vin klike sou wopalè pou koute esplikasyon an epi antoure timoun ki koresponn ak li sou desen an. | Koute konvesasyon Jan ak Ana. |
| 3 | Pwofesè a dwe mande lòt elèv yo si yo dakò , si yo pa dakò pou yo ede kamarad yo. | Di si yo dakò si yo pa dakò pou yo ede kamarad yo. |




Ekran 8




Ekran korije

**Aktivite 9:** Prezante karakteristik fizik ak preferans.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite 2 elèv, klike sou chak pèsonaj pou koute prezantasyon li. Pwofesè a ap envite de elèv yo esplike kisa Ana ak Jan di nan prezentasyon yo epi ap ankouraje elèv yo eksplike kisa yo tande. | Elèv yo youn apre lòt ap klike sou wopalè yo pou koute Ana ak Jan. |
| 3 | Mande elèv yo de pa de, prezante tèt yo ak kamarad yo, pandan yap bay yon karakteristik fizik ak yon preferans pou pi piti.<br><br>Mande 3 gwoup pataje prezantasyon yo ak rès klas. Si rete tan pran plis gwoup. | Elèv yo ap prezante tèt yo ak kamarad yo.<br><br>Gwoup ki deziye yo ap prezante yo ak lòt elèv yo. |






Ekran 9

# Leson 2
## Sèt jou yo nan semèn nan



# Rezime aktivite kou a:

## N ap pare nou



**Aktivite 1 :** Rekonèt jou yo nan semèn nan.

## N ap dekouvri



**Aktivite 2 :** Konnen non sèt jou yo nan semèn nan.



**Aktivite 3** : Dekouvri non jou yo nan semèn nan.



**Aktivite 4:** Idantifye non jou yo nan semèn nan sou yon kalandriye.

## N ap pratike



**Aktivite 5:** Distenge lòd jou yo nan semèn nan.



**Aktivite 6 :** Aprann klase jou yo nan semèn nan.



**Aktivite 7:** Idantifye jou lekòl ak jou ki pa jou lekòl.



**Aktivite 8 :** Idantifye aktivite ki koresponn ak jou nan semèn nan.

## N ap kontwole kisa nou aprann



**Aktivite 9**: Relye jou nan semèn nan ak aktivite manje ki koresponn ak yo.



**Aktivite 10:** Distenge tout jou yo nan semèn nan.

## N ap amize nou



**Aktivite 11:** Relye jou nan semèn nan ak aktivite elèv lekòl.



**Aktivite 12:** Idantifye aktivite nan klas ki fèt chak jou nan semèn nan**.**

| N ap pare nou | **Aktivite 1** : Rekonèt jou yo nan semèn nan. | 1/12 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo koute chante a sou jou ki nan semèn nan (Sous: Ala Yoò Bèl Timoun). | Koute chante a. |
| 3 | Mande elèv yo chante chante a. | Chante chante a. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 1

**Aktivite 2** : Konnen non sèt jou yo nan semèn nan.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 3 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv, youn apre lòt, vin klike sou wopalè yo anba kamyonnèt yo pou tande non jou yo. | Elèv ki deziye a ap vini sou tablo a pou klike sou yon wopalè anba yon nan kamyonnèt yo pou tande non jou yo. |
| 3 | Mande elèv yo repete jou yo tande a. | Elèv yo ap repete jou yo tande a. |




Ekran 2

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 3 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv, youn apre lòt, klike sou non jou yo, tande yo epi repete yo. | Vini sou tablo a, klike pou Koute jou a epi repete li. |






Ekran 3

| N ap dekouvri | **Aktivite 4:** Idantifye non jou yo nan semèn nan sou yon kalandriye. | 4/12 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
|  | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 3 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande kèk elèv, youn apre lòt, vin montre non jou yo nan semèn nan sou kalandriye a pandan li ap di non jou a. | Elèv ki deziye a ap vini montre jou yo ki sou kalandriye a pandan li ap di non jou a. |
| 3 | **Remak:** Pwofesè a ka montre elèv la jou li vle a san li pa kenbe menm lòd jou yo sou kalandriye a . |  |

Di non jou yo ki nan semèn nan epi montre yo sou kalandriye a.

**Jwiyè 2014**

| D | L | M | M | J | V | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
|  | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | 31 |  |  |  |

Ekran 4

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 4 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande 5 elèv, youn apre lòt, pou vini tande jou ki make a epi glise etikèt jou ki manke a nan plas li. | Elèv ki deziye a ap vini tande jou ki make a epi glise etikèt jou ki manke a nan plas li sou imaj la. |






Ekran 5




Ekran korije

| N ap pratike | **Aktivite 6:** Aprann klase jou yo nan semèn nan. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 4 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande 7 elèv, youn apre lòt, vini tande jou ki sou wopalè anba kamyonèt la epi glise etikèt ki koresponn ak jou sa a sou li. | Elèv ki deziye a ap , vini tande jou ki sou wopalè anba kamyonèt la epi glise etikèt ki koresponn ak jou sa a sou li. |






Ekran 6




Ekran korije

**Aktivite 7:** Idantifye jou lekòl ak jou ki pa jou lekòl.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 4 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj yo ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv, youn apre lòt, vin antoure jou ki koresponn ak jou yo ale lekòl. | Elèv ki deziye a ap vin antoure jou ki koresponn ak jou yo ale lekòl. |






Ekran 7




Ekran korije

**Aktivite 8:** Idantifye aktivite ki koresponn ak jou nan semèn nan.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 4 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite 7 elèv, youn apre lòt, vini relye chak aktivite ak jou ki koresponn ak li.<br><br>Pwofesè a ap li aktivite a pou elèv la. | Elèv ki deziye a ap vini relye chak aktivite ak jou ki koresponn ak li.<br><br>Elèv la dwe koute fraz pwofesè a ap li a pou li epi chache ki jou ki koresponn ak li. |






Ekran 8




Ekran korije

**Aktivite 9 :** Relye jou nan semèn nan ak aktivite manje ki koresponn ak yo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade tout imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo byen.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite 7 elèv, youn apre lòt, vini relye chak nimewo ak jou ki koresponn ak li (chak jou koresponn ak sa moun konn manje nan jounen an).<br><br>Nimewo 1 se pou premye jou ki nan semèn nan, kidonk se pou lendi.<br><br>Pwofesè a ap li fraz la pou elèv la. | Elèv ki deziye a ap vini relye chak nimewo ak jou ki koresponn ak li (chak jou mache ak sa ki manje nan jounen an).<br><br>Elèv la dwe koute fraz pwofesè a ap li a pou li epi chache ki nimewo imaj manje ki koresponn ak li. |




Ekran 9




Ekran korije

| N ap kontwole kisa nou aprann | **Aktivite 10 :** Distenge tout jou yo nan semèn nan. | 10/12 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande 8 elèv, youn apre lòt, pou vini tande jou ki make a epi glise etikèt jou ki manke a nan plas li devan oswa dèyè sou imaj la. | Elèv ki deziye a ap vini tande jou ki make a epi glise etikèt jou ki manke a nan plas li devan oswa dèyè sou imaj la. |






Ekran 10




Ekran korije

| N ap amize nou | **Aktivite 11 :** Relye jou nan semèn nan ak aktivite elèv lekòl. | 11/12 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv yo koute chante a.<br><br>Envite 7 elèv, youn apre lòt, vini relye chak jou ak aktivite ki koresponn ak li dapre chante a. Klike sou chante a plizyè fwa si nesesè. | Elèv yo ap koute chante a ak atansyon.<br><br>Elèv ki deziye a ap vini relye chak jou ak aktivite ki koresponn ak li dapre chante a. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12




Ekran 11




Ekran korije

| N ap amize nou | **Aktivite 12 :** Idantifye aktivite nan klas ki fèt chak jou nan semèn nan. | 12/12 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Pwofesè a ap mande kèk elèv pou di ki aktivite yo fè chak jou nan klasla. Apre sa, li ap mande kèk elèv ki vle pou yo vini ekri kèk nan aktivite elèv yo di sou tablo a. | Elèv yo ap di aktivite yo fè nan klas la chak jou. Elèv ki ap vini sou tablo a pou ekri non aktivite elèv yo di. Pwofesè a ap fin ekri rès yo. |

Ekri aktivite nou fè pou chak jou semèn nan nan klas nou.

| Jou | Aktivite |
|---|---|
| Lendi | |
| Madi | |
| Mèkredi | 2 |
| Jedi | |
| Vandredi | |
| Samdi | |
| Dimanch | |

Ekran 12

# Leson 3
## Prezante lekòl nou



# Rezime aktivite kou a:

## N ap pare nou



**Aktivite 1 :** Konprann enpòtans lekòl.

## N ap dekouvri



**Aktivite 2 :** Idantifye non, adrès, koulè ak kantite sal klas nan yon lekòl.



**Aktivite 3** : Idantifye espas nan lekòl.



**Aktivite 4:** Idantifye manm pèsonèl ki travay nan yon lekòl.



**Aktivite 5:** Idantifye règ ki aplike nan lekòl.

## N ap pratike



**Aktivite 6 :** Distenge espas ak manm pèsonèl nan yon lekòl.



**Aktivite 7:** Distenge sa elèv dwe fè ak pa dwe fè nan yon lekòl.

## N ap kontwole  kisa nou aprann



**Aktivite 8**: Idantifye manm pèsonèl nan yon lekòl sou baz aktivite yo.



**Aktivite 9** : Diferansye espas ki nan lekòl ak espas ki pa ladanl.

## N ap amize nou



**Aktivite 10:** Prezante lekòl nou.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo koute chante a ki sou lanmou yon timoun pou lekòl li (Sous Ala Yon Bèl Timoun). | Koute chante a. |
| 3 | Mande elèv yo chante chante a. | Chante chante a. |






Ekran 1

| Dire | . Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏲⏲ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 4 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite de elèv, youn apre lòt, vin klike sou wopalè sou ekran an. Envite elèv yo di kisa yo tande Ana ak Jan ap di pou yo dekri lekòl yo. | Elèv yo ap vini youn apre lòt klike sou wopalè yo. Elèv yo ap di kisa yo tande nan prezantasyon Ana ak Jan. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10




Ekran 2

**Aktivite 3** : Idantifye espas nan lekòl.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 4 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Pou chak imaj mande yon elèv ak ki espas li koresponn , di non espas la. Mande tout elèv yo repete.<br>Espas yo: biblirotèk, lakou rekreyasyon, direksyon, sal klas, sal pwofesè, kafeterya,… | Elèv ki deziye yo ap di non espas pwofesè a montre. Tout elèv ap repete non espas pwofesè a di. |






Ekran 3

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Pou chak imaj mande yon elèv, idantifye ki materyèl li wè. | Elèv ki deziye yo ap di ki ki materyèl yo idantifye. |
| 3 | Di ki moun nan lekòl ki konn itilize materyèl yo pou travay (direktè, pwofesè, menajè, gadyen). Site non materyèl ki sou imaj yo.<br>Mande elèv yo repete non ki sou tablo a epi di ki lòt materyèl yo konn wè moun sa yo itilize pou travay nan lekòl. | Repete non pwofesè a di.<br>Di lòt materyèl yo konn wè pèsonèl oswa pwofesè a site itilize pou travay. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10




Ekran 4

**Aktivite 5:** Idantifye règ ki aplike nan lekòl.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 4 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande kèk elèv, jwenn ki règ nan lekòl ki koresponn ak chak imaj. Egzanp: rive a lè, fè silans nan klas la, leve men nou pour mande la pawol, fè devwa,… | Elèv ki deziye yo ap di ki règ nan lekòl ki koresponn ak chak imaj. |






Ekran 5

**Aktivite 6 :** Distenge espas ak manm pèsonèl nan yon lekòl.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI | Nan klas | Pèsonèl | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. Site de espas ki sèvi egzanp sou imaj yo. | Gade imaj yo.<br><br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande  kèk elèv, youn apre lòt,  di yon manm pèsonèl ak yon espas ki gen nan lekòl. Mande tout lè sa posib pou  travay manm pèsonèl la genyen rapò ak espas la. | Elèv ki deziye yo ap di yon manm pèsonèl ak yon espas ki gen nan lekòl yo. |






Ekran 6

| N ap pratike | **Aktivite 7:** Distenge sa elèv dwe fè ak pa dwe fè nan yon lekòl. | | | 7/10 |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| ⏰⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj yo ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv, youn apre lòt, di ki sa elèv dwe fè ak pa dwe fè nan lekòl. Mande chak elèv di 1 pou chak, pou plis moun ka gen chans pale. Mande elèv yo idantifye prensipal règ ki tabli oswa ke yo dwe respekte pou chak espas nan lekòl la. | Elèv ki deziye a ap di ki sa elèv dwe fè ak pa dwe fè nan lekòl. |




Ekran 7

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite yon elèv klike pou klas la koute devinèt la. Mande elèv yo di kisa yo tande. | Elèv ki deziye a ap klike pou klas la koute devinèt la.<br>Elèv yo ap di kisa yo tande. |
| 3 | Envite elèv yo de pa de itilize aktivite manm pèsonèl lekòl la ak materyèl yo itilize pou fè devinèt. Mande 4 gwoup prezante pou klas la. | Itilize aktivite manm pèsonèl lekòl la ak materyèl yo itilize pou fè devinèt de pa de. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10




Ekran 8

| N ap kontwole kisa nou aprann | **Aktivite 9** : Diferansye espas ki nan lekòl ak espas ki pa ladan l. | 9/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite 4 elèv, youn apre lòt, vini deplase espas ki nan lekòl sou foto lekòl la.<br>Envite elèv yo tabli diferans pami espas nan lekòl ak espas yo jwenn nan kay. | Deplase espas ki nan lekòl sou foto lekòl la.<br>Konpare espas nan lekòl ak espas yo jwenn nan kay. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10




Ekran 9




Ekran korije

| N ap amize nou | **Aktivite 10:** Prezante lekòl nou. | | | 10/10 |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| ⏰⏰⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv prezante ansamm lekòl yo ak ki moun ki travay ladanl:<br>Se pou yo di:<br>-Non lekòl la<br>-Adrès li<br>-Koulè li<br>-kantite sal klas li genyen<br>-manm pèsonèl ki travay ladanl<br>-kèk lòt espas li genyen ladanl.<br>Nou ankouraje pwofesè a planifye yon vizit lekòl la ak elèv yo, apre kou sa a. | Elèv ki deziye a ap koute konsiy yo pou prezante ansamm ak lòt kamarad, lekòl yo ak ki moun ki travay ladanl |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10




Ekran 10

# Leson 4
## Aktivite ki fèt nan Lekòl



# Rezime aktivite kou a:

## N ap pare nou



**Aktivite 1 :** Idantifye materyèl ou bezwen pou lekòl.

## N ap dekouvri



**Aktivite 2 :** Distenge aktivite pou aprann ak aktivite pou rekrye.



**Aktivite 3** : Distenge kou ki fèt nan lekòl.

## N ap pratike



**Aktivite 4:** Konprann enpòtans kou de baz yo.



**Aktivite 5:** Idantifye materyèl pou travay nan klas.



**Aktivite 6:** Diskite sou enpòtans aktivite nan lekòl.

## N ap kontwole kisa nou aprann



**Aktivite 7**: Enimere aktivite ki fèt chak jou nan lekòl.



**Aktivite 8:** Tabli diferans ant aktivite nan kay ak nan lekòl.

## N ap amize nou



**Aktivite 9:** Dekri aktivite ki fèt nan lekòl.

N ap pare nou

**Aktivite 1** : Idantifye materyòl ou bezwen pou lekòl.

1/9

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
|  | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande yon elèv pase devan tablo pou li antoure materyèl li mete nan sak li. | Antoure sa li mete nan sak li, pou lekòl. |
| 3 | Mande lot elèv yo si yo tout dakò.<br><br>Si gen erè kontinye envite elèv yo pase devan tablo pou ede kamarad yo, jiskaske tout materyèl korèk yo antoure (oswa règ, gòm, sizo, kreyon, kaye,...). | Di si yo dakò oubyen pa dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9







Ekran 1

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv yo di ki aktivite ki fèt nan klas, envite yo di ki aktivite ki fèt nan lakou rekreyasyon.<br><br>Lè tout timoun fin bay lide mande elèv yo si yo pa dakò ak kèk lide, di poukisa epi diskite l. | Youn apre lòt, di ki aktivite ki fèt nan klas epi ki aktivite ki fèt nan lakou rekreyasyon.<br><br>Di si yo dakò oswa pa dakò ak lide epi di poukisa. |
| 3 | Eksplike elèv yo gen aktivite ki fèt pou aprann ak aktivite pou rekreye nan lekòl. Esplikke elèv yo gen aktivite pou aprann ki ka fèt nan lakou rekreyasyon. | |




Ekran 2

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv yo youn apre lòt :<br>-chwazi yon imaj<br>-di ki aktivite li reprezante<br>-di ak ki kou li koresponn<br>Lè tout timoun fin bay lide mande lòt elèv yo si yo tout dakò.<br>Si gen erè kontinye envite elèv yo pase devan tablo pou ede kamarad yo, jiskaske yo jwenn tout kou ki koresponn ak imaj sou tablo yo. | Youn apre lot, chwazi yon imaj, di ki aktivite li reprezante epi di ak ki kou li koresponn<br><br>Di si yo dakò oswa pa dakò ak repons yo epi di poukisa. |
| 3 | Pote presizyon sou kou yo: matematik, syans sosyal, syans eksperimantal, fransè, kreyòl. | |




Ekran 3

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 3 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande 5 elèv, youn apre lòt, pou klike sou non kou a epi relye li ak enfomasyon sou tablo a ki pi koresponn ak li.<br><br>Mande lòt elèv yo pou ede kamarad yo jwenn bon repons la si yo pa dakò ak yon repons la anvan li retounen nan plas li. | Klike sou non kou a epi relye li ak enfòmasyon sou tablo a ki pi koresponn ak li. |




Ekran 4




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 4 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande 3 elèv, youn apre lòt, pou vini relye materyèl sou tablo a ak imaj ki pi korespon ak li.<br><br>Mande lòt elèv yo si yo dakò oswa pa dakò apre chak elév fini. Si yo pa dakò mande yo ede kamarad yo. | Relye chak materyèl sou tablo a ak imaj ki pi korespon ak li. |






Ekran 5




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 3 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande 7 elèv youn apre lòt vini chwazi ki aktivite yo pi renmen nan lekòl epi di poukisa.<br>Esplike elév yo enpòtans chak aktivite. | Chwazi ki aktivite yo pi renmen nan lekòl epi di klas la poukisa. |






Ekran 6




Ekran korije

**Aktivite 7:** Enimere aktivite ki fèt chak jou nan lekòl.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj yo ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv yo koute konvesasyon Jan ak Ana. | Koute konvesasyon Jan ak Ana. |
| 3 | Envite elèv yo youn chwazi kamarad ki pi pre a, pou enimere 3 aktivite ki fèt nan youn nan jou nan semèn nan menmjan ak Ana ak Jan.<br><br>Mande 6 gwoup pou pataje lide. | Chwazi kamarad ki pi pre a, pou enimere 3 aktivite ki fèt nan youn nan jou nan semèn nan. |






Ekran 7

**Aktivite 8:** Tabli diferans ant aktivite nan kay ak nan lekòl.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite 3 elèv, youn apre lòt, relye desen yo ak imaj ki kay oswa lekòl.<br>Mande lòt elèv yo si yo dakò oswa pa dakò, epi diskite repons yo. Pandan wap montre genyen aktivite ki pou lakay sèlman men gen yen kek ki fèt lakay ak nan lekol. | Relye desen yo ak imaj ki reprezante aktivite pou lakay oswa lekòl. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9




Ekran 8




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè + Kaye | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv yo youn apre lòt pou yo bay yon fraz ki genyen rapò ak sa ki fèt lekòl pou kreye powèm nan epi note mo kle yo sèlman sou tablo a. | Bay yon fraz ki genyen rapò ak si ki fèt lekòl pou kreye powèm nan. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9




Ekran 9

# Leson 5
# Anndan lakay nou



# Rezime tout aktivite kou a:

## N ap pare nou




**Aktivite 1 :** Dekouvri non diferan pati nan yon kay.

## N ap dekouvri



**Aktivite 2 :** Dekouvri kisa yo fè nan diferan pati nan yon kay.

## N ap pratike



**Aktivite 3 :** Idantifye nan ki pati nan kay la yo ka fè yon seri bagay.



**Aktivite 4 :** Nonmen nan ki pati nan kay la yo ka fè yon seri bagay.

## N ap gade kisa nou aprann




**Aktivite 5 :** Asosye yon aktivite ak pati yon kay.



**Aktivite 6 :** Asosye mo ak diferan pati nan yon kay apati imaj.



**Aktivite 7 :** Asosye mo ak diferan pati nan yon kay apati yon tèks.




**Aktivite 8 :** Rekonèt ekriti chak pati nan yon kay.

**Aktivite 9:** Rekonèt aktivite nan chak pati nan yon kay.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI+ Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br>Esplike elèv yo yo pral gade albòm foto lakay Ana. | Tande konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande elèv yo byen gade epi dekri foto ki sou po albòm nan. | Gade epi dekri foto ki sou po albòm nan. |
| 3 | Klike sou flèch la pou pase nan yon lòt paj nan albòm nan. | Swiv. |
| 4 | Mande elèv yo dekri epi nonmen pati kay la yo wè sou paj agoch la. Klike sou espikè a pou tande sa Ana ap di. | Dekri epi nonmen pati kay la ki sou paj agoch la. |
| 5 | Envite elèv yo pou yo tande non pati kay la Ana di a epi pou yo verifye l ak repons yo te bay anvan yo. | ande non pati kay la Ana di a epi verifye l ak repons yo te bay anvan yo. |
| 6 | Envite elèv yo pou yo nonmen bagay yo wè sou paj adwat la. Mande yo site kèk lòt bagay yo konn wè nan kuizin lakay yo. | Nonmen bagay ki sou paj adwat la epi site kèk lòt bagay yo konn wè nan kuizin lakay yo. |
| 7 | Klike sou flèch la pou ka chanje paj nan albòm nan. Chak fwa pou kuizin, salamanje, chanm, salon, twalèt. | Dekri foto, nonmen pati kay la ki sou paj agoch yo ak bagay yo ki sou paj adwat yo. |

1 2 3 4 5 6 7 8




Ekran 1




Egzanp ekran



| N ap dekouvri | **Aktivite 2** : Dekouvri kisa yo fè nan diferan pati nan yon kay. | 2/8 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Klike sou yon premye kat anndan kay la, envite yon elèv pou dekri foto a epi nonmen pati kay li wè a. | Dekri foto a epi nonmen pati kay la. |
| 3 | Envite yon lòt elèv pou di kisa yo konn fè nan pati kay sa a epi pou li jistifye repons li a.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv la di a. | Reponn kesyon an epi jistifye repons lan.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò |
| 4 | Klike sou yon lòt kat epi refè etap 2 ak 3 a pou chak pati nan kay la. | Elèv yo ka mande pwofesè a pou yo koute definisyon yo.<br>2,3 ap nonmen chak pati nan kay la epi di sa yo konn fè ladan l. |

1 2 3 4 5 6 7 8




Ekran 2




Ekran korije

| N ap pratike | **Aktivite 3 :** Idantifye nan ki pati nan kay la yo ka fè yon seri bagay. | | | 3/8 |
|---|---|---|---|---|
| **Dire** | **Materyèl** | **Ki kote** | **Kalite aktivite** | **Kantite ekran** |
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade tout imaj ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons la vin sou tablo a epi antoure repons li a. Mande elèv la pou l jistifye repons li a. Si repons lan bon pase nan ekran apre a.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure epi jistifye repons yo.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8




Ekran korije 1

Ekran korije 2







Ekran 3

**Aktivite 4 :** Nonmen nan ki pati nan kay la yo ka fè yon seri bagay.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la ki sou tablo a.<br>Mande yo kisa yo wè Ana ap fè.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi esplike sa yo wè.<br>koute konsiy lan. |
| 2 | Envite yon elèv vin sou tablo a pou klike sou kat la epi lè li jwenn repons lan pou li kanpe. Mande elèv la pou l jistifye repons li a.<br>Si repons lan bon pase nan ekran apre a epi chwazi yon lòt elèv.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Klike sou kat la epi jistifye.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran korije 1




Ekran korije 2




Ekran 4

**Aktivite 5** : Asosye yon aktivite ak pati yon kay.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Ansanm ak elèv yo li sa ki ekri agoch epi sa ki ekri adwat yo. | Li fraz yo. |
| 3 | Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin relye chak pati nan kay la ak yon aktivite yo fè ladanl.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Relye epi di si yo dakò ak si yo pa dakò e di poukisa. |




Ekran 5




Ekran korije

| N ap gade kisa nou aprann | **Aktivite 6 :** Asosye mo ak diferan pati nan yon kay apati imaj. | 6/8 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li mo ki anba yo ak elèv yo.<br>Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou vin deplase mo yo mete yo nan bon plas yo.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Li epi deplase mo. |

1 2 3 4 5 6 7 8




Ekran 6




Ekran korije

| N ap gade kisa nou aprann | **Aktivite 7 :** Asosye mo ak diferan pati nan yon kay apati yon tèks. | 7/8 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan sou gid mèt la. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv vini sou tablo pou dekouvri epi chache nan imaj la yon pèsonaj ki reprezante aktivie youn nan manm nan fanmi li fè. Mande elèv yo pale de aktivite a, epi di ki materyèl oswa zouti moun nan itilize pou aktivite li.<br>Pèsonaj ki kache dèyè kach ble a : yon bòs mason, yon monseyè, yon pwofesè, yon metrès lekòl, yon moun ki fè espò, yon doktè... | Chwazi yon pèsonaj ki fè menm aktivite ak yon manm nan fanmi yo. Di kisa li itilize. |

2

Ekran 12

Idantifye aktivite manm fanmiw fè epi pale de li.



2

Ekran korije

# Leson 11

## Dat ki enpòtan pou peyi nou



# Rezime aktivite kou a:

## N ap pare nou



**Aktivite 1 :** Rekonèt im nasyonal peyi nou.

## N ap dekouvri



**Aktivite 2 :** Dekouvri siyifikasyon 1$^{e}$ Janvye.



**Aktivite 3** : Dekouvri siyifikasyon 2 Janvye.



**Aktivite 4:** Dekouvri siyifikasyon 1$^{e}$ Me.



**Aktivite 5:** Dekouvri siyifikasyon 18 Me.



**Aktivite 6 :** Dekouvri siyifikasyon 18 Novanm.

## N ap pratike



**Aktivite 7:** Idantifye aktivite pou make jou enpòtan nan istwa peyi nou.



**Aktivite 8 :** Distenge dat enpòtan nan lavi Ayiti ak fet ki koresponn ak yo.



**Aktivite 9**: Endike fèt enpòtan nan lavi Ayiti nou fete lakay ak sa nou fete nan lekòl.

## N ap kontwole kisa nou aprann



**Aktivite 10:** Relye dat fèt peyi a ak imaj ki pi koresponn ak yo.



**Aktivite 11:** Rekonèt koulè ki nan drapo Ayiti a.

## N ap amize nou



**Aktivite 12:** Sonje im nasyonal peyi nou.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la pou klas la. | Koute tèks la. |
| 3 | Mande elèv yo chante ansanm. | Chante ansanm. |

Koute kouplè im nasyonal peyi nou epi chante tou.

Pou Ayiti ak pou Zansèt yo
Fò nou kapab vanyan gason
Moun pa fèt pou ret ak moun
Se sa ki fè tout manman ak tout papa
Dwe pou voye timoun yo lekòl
Pou yo aprann, pou yo konnen
Sa Tousen, Desalin, Kristòf, Petyon
Te fè pou wet Ayisyen anba kòd blan.



Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 5 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo, idantifye chak imaj. | Elèv yo ap idantifye imaj yo. |
| 3 | Mande elèv yo ki relasyon yo ka tabli nan mitan imaj yo. | Elèv yo ap di ki imaj ki gen lyen ak lòt sou ekran. |
| 4 | Esplike elèv yo chenn kase a vle di liberasyon, pesonaj la se yon esklav ki ap goumen. Kidonk batay esklav yo te fè yo jwen libète 1e Janvye. | Koute esplikasyon pwofesè a. |

Gade imaj la, koute epi reponn kesyon pwofesè a.



**Janvye**

| D | L | M | M | J | V | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |
| 31 | | | | | | |

Ekran 2

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏲⏲ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 5 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj yo.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo idantifye chak imaj. | Elèv yo ap idantifye imaj yo. |
| 3 | Mande elèv yo ki relasyon yo ka tabli nan mitan imaj yo. | Elèv yo ap di ki imaj ki gen lyen ak lòt sou ekran. |
| 4 | Esplike elèv yo, apre jou pou fete liberasyon esklav yo. Peyi a te deside onore tout esklav sa yo ki te goumen pou li vin lib, nan dat 2 Janvye. | Koute esplikasyon pwofesè a. |



Gade imaj la koute epi reponn kesyon pwofesè a.










**Janvye**

| D | L | M | M | J | V | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |
| 31 | | | | | | |

Ekran 3

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | | Nan klas | Ansanm | 5 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo, idantifye chak imaj. | Elèv yo ap idantifye imaj yo. |
| 3 | Mande elèv yo ki relasyon yo ka tabli nan mitan imaj yo. | Elèv yo ap di ki imaj ki gen lyen ak lòt sou ekran. |
| 4 | Esplike elèv yo, latè ba nou manje pou nou manje. Lè nou plante sakle, rekòlte li. Se nan jou 1e Me nou fete lagrikilti ak travay, paske se de bagay ki enpòtan pou peyi d Ayiti. | Koute esplikasyon pwofesè a. |

Gade imaj la koute epi reponn kesyon pwofesè a.



**Me**

| D | L | M | M | J | V | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | 31 | | | | | |

Ekran 4

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 5:** Idantifye aktivite pou make jou enpòtan nan istwa peyi nou.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 5 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo, idantifye chak imaj. | Elèv yo ap idantifye imaj yo. |
| 3 | Mande elèv yo ki relasyon yo ka tabli nan mitan imaj yo. | Elèv yo ap di ki imaj ki gen lyen ak lòt sou ekran. |
| 4 | Esplike elèv yo, tankou tout peyi sou planèt la, peyi d Ayiti genyen yon drapo. Nou chwazi onore drapo nou nan dat ki se 18 Me. | Koute esplikasyon pwofesè a. |



Gade imaj la koute epi reponn kesyon pwofesè a.



**Me**

| D | L | M | M | J | V | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | 31 | | | | | |

Ekran 5

**Aktivite 6:** Dekouvri siyifikasyon 18 Novanm.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 5 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo, idantifye chak imaj. | Elèv yo ap idantifye imaj yo. |
| 3 | Mande elèv yo ki relasyon yo ka tabli nan mitan imaj yo. | Elèv yo ap di ki imaj ki gen lyen ak lòt sou ekran. |
| 4 | Esplike elèv yo, esklav yo te batay anpil pou peyi a endepandan, te gen yon dènye gwo batay yo te fè 18 Novanm 1803. Nou fete batay sa chak 18 novanm. | Koute esplikasyon pwofesè a. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Gade imaj la koute epi reponn kesyon pwofesè a.



| Novanm | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| D | L | M | M | J | V | S |
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | | | |

Ekran 6

**N ap pratike** | **Aktivite 7**: Idantifye aktivite pou make jou enpòtan nan istwa peyi nou.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj yo ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv, youn apre lòt, vin relye jou enpòtan nan lavi peyi d Ayiti ak sa ki konn fèt pou fete yo.<br><br>Pwofesè a ap li aktivite yo pou elèv yo | Elèv ki deziye a ap vin relye jou yo ak aktivite ki koresponn ak yo. |




Ekran 7




Ekran korije

**Aktivite 8:** Distenge dat enpòtan nan lavi Ayiti ak fet ki koresponn ak yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite 5 elèv, youn apre lòt, vini relye chak dat ak eveneman ki koresponn ak li.<br><br>Pwofesè a ap li eveneman yo pou elèv yo | Elèv ki deziye a ap vini relye chak aktivite ak jou ki koresponn ak li.<br><br>Elèv la dwe koute fraz pwofesè a ap li a pou li epi chache ki jou ki koresponn ak li. |




Ekran 8




Ekran korije

**Aktivite 9 :** Endike fèt enpòtan nan lavi Ayiti nou fete lakay ak sa nou fete nan lekòl.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite 5 elèv, youn apre lòt, vini chwazi pou chak dat ki kote yo fete yo.<br><br>Pwofesè a ap li 2 kategori ki sou ekran.<br><br>Chak elèv dwe chwazi pou yon sèl dat. | Elèv ki deziye a ap vini chwazi ki dat yo fete nan lekòl oswa lakay. |

Chwazi fèt nan peyi a nou fete nan lekòl oswa lakay nou.

| Fèt | Aktivite lakay | Aktivite lekòl |
|---|---|---|
| 1e janvye | | |
| 2 janvye | | |
| 1e me | | |
| 18 me | | |
| 18 novanm | | |

Ekran 9

Endike fèt nan peyi a nou fete nan lekol oswa lakay nou.

| Fèt | Aktivite lakay | Aktivite lekòl |
|---|---|---|
| 1e Janvye | ✓ | |
| 2 Janvye | ✓ | |
| 1e Me | ✓ | |
| 18 Me | | ✓ |
| 18 Novanm | | ✓ |

Ekran korije

N ap kontwole kisa nou aprann

**Aktivite 10 :** Relye dat fèt peyi a ak imaj ki koresponn ak yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande 5 elèv, youn apre lòt, pou vini tande jou ki make a epi relye imaj ak dat fèt yo. | Elèv ki deziye a ap vini tande jou ki make a epi relye yon imaj ak yon dat fèt epi di poukisa. |




Ekran 10




Ekran korije

# **Aktivite 11 :** Rekonèt koulè ki nan drapo nou a.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo idantifye drapo yo rekonèt. | Elev yo ap di ki drapo yo rekonèt. |
| 3 | Envite 3 elèv, youn apre lòt, antoure yon drapo ki genyen toulede koulè drapo peyi d Ayiti a. | Elèv ki deziye a ap vini antoure drapo ki gen menm koulè ak drapo peyi d Ayiti. |






Ekran 11




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv yo koute chante a.<br><br>Envite elèv yo chante pandan yo ap prepare drapo pou fete 18 Me.<br><br>Pwofesè a dwe prepare davans materyl pou elèv yo kapab fè drapo a. Pwofesè a kapab tou mande elèv yo desine drapo a sou kaye yo. | Elèv yo ap koute chante a.<br><br>Elèv yo ap chante ansanm pandan yap prepare drapo yo. oswa pandan yap desine drapo a. |




Ekran 12

# Leson 12
## Wòl moun ki nan fanmi nou



# Rezime aktivite kou a:

## N ap pare nou



**Aktivite 1 :** Idantifye aktivite nou fè chak jou.

## N ap dekouvri



**Aktivite 2 :** Idantifye moun nan fanmi nou ki pran swen nou lè nou malad.



**Aktivite 3** : Idantifye moun nan fanmi nou ki ede nou nan aktivite lekòl nou.



**Aktivite 4:** Idantifye ak ki moun nan fanmi an nou konn jwe.



**Aktivite 5:** Idantifye moun nan fanmi an ki prepare manje.

## N ap pratike



**Aktivite 6 :** Idantifye moun nan fanmi an ki ede nou chak jou.



**Aktivite 7:** Idantifye ki moun nan fanmi an ki fè kèk aktivite ak nou.

## N ap kontwole kisa nou aprann



**Aktivite 8 :** Distenge ki moun nan fanmi an ki plis ede nou.



**Aktivite 9**: Distenge ak moun nan fanmi an nou plis pale.

## N ap amize nou



**Aktivite 10:** Asosye manm fanmi ak yon aktivite li konn fè.

| N ap pare nou | **Aktivite 1** : Idantifie aktivite nou fè chak jou. | 1/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo reponn kesyon an.<br>Pwofesè ap esplike pou aktivite yo fè chak jou, gran moun nan fanmi yo konn ede. | Reponn kesyon an. |




Ekran 1

**Aktivite 2** : Idantifye moun nan fanmi nou ki pran swen nou lè nou malad.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 4 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv, youn apre lòt, antoure moun nan fanmi yo ki konn pran swen yo lè yo malad.<br><br>Pwofesè a ap ede elèv yo li mo yo lè sa nesesè.<br>Remak: si yon manm fanmi ki konn pran swen yo pa sou ekran an pwofes a ka ekri li. | Elèv yo ap antoure moun ki konn pran swen yo. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Antoure moun nan fanmi nou ki pran swen nou lè nou malad.

| | |
|---|---|
| Manman | Granpè |
| Granmè | Sè |
| Frè | Matant |
| Tonton | Kouzin |
| Kouzen | Papa |





Ekran 2

Antoure moun nan fanmi nou ki pran swen nou lè nou malad.

| | |
|---|---|
| Manman | Granpè |
| Granmè | Sè |
| Frè | Matant |
| Tonton | Kouzin |
| Kouzen | Papa |





Ekran

| N ap dekouvri | Aktivite 3: Idantifye moun nan fanmi nou ki ede nou nan aktivite lekòl nou. | 3/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 4 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv, youn apre lòt, antoure moun nan fanmi yo ki konn ede yo etidye.<br><br>Pwofese a ap ede elèv yo li mo yo le sa nesesè.<br>Si yon manm fanmi ki konn ede yo etidye pa sou ekran an pwofesè a ka ekri li. | Elèv yo ap antoure moun ki konn ede yo etidye. |






Ekran 3




Ekran korije

| N ap dekouvri | **Aktivite 4:** Idantifye ak ki moun nan fanmi an nou konn jwe. | 4/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 4 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv, youn apre lòt, antoure moun nan fanmi yo ki konn plis jwe ak yo.<br><br>Pwofesè a ap ede elèv yo li mo yo le sa nesesè.<br>Si yon manm fanmi ki konn jwe ak yo pa sou ekran an pwofesè a ka ekri li. | Elèv yo ap antoure moun ki konn jwe ak yo. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Antoure moun nan fanmi nou ki plis jwe ak nou.

| | |
|---|---|
| Manman | Granpè |
| Granmè | Sè |
| Frè | Matant |
| Tonton | Kouzin |
| Kouzen | Papa |



Ekran 4

Antoure moun nan fanmi nou ki plis jwe ak nou.

| | |
|---|---|
| Manman | Granpè |
| Granmè | Sè |
| Frè | Matant |
| Tonton | Kouzin |
| Kouzen | Papa |



Ekran korije

**Aktivite 5:** Idantifye moun nan fanmi an ki prepare manje



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 4 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv, youn apre lòt, antoure moun nan fanmi yo ki konn kwit manje pou yo.<br><br>Pwofesè a ap ede elèv yo li mo yo le sa nesesè.<br>Si yon manm fanmi ki konn fe manje pou yo pa sou ekran an pwofesè a ka ekri li. | Elèv yo ap antoure moun ki konn prepare manje pou yo. |






Ekran 5




Ekran korije

**Aktivite 6:** Idantifye moun nan fanmi an ki ede nou chak jou.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj yo ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite kek elèv youn apre lòt, rakonte sa yo fè depi yo leve, lè yo soti lekòl, anvan yo al dòmi epi di ki moun nan fanmi yo ki ede yo.<br><br>Pwofesè ap li etap yo, pou ede elèv yo.<br><br>Aktivite andan lekèl pa dwe konsidere paske nou konsantre sou aktivite fanmi an. | Elèv ki deziye a ap esplike sa yo fè nan jounen an epi di ki moun nan fanmi ki ede yo. |






Ekran 6

**Aktivite 7:** Idantifye ki moun nan fanmi an ki fè kèk aktivite ak nou.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj yo ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite 3 elèv vin chwazi moun nan fanmi yo ki konn ale ak yo nan legliz, lekòl ak lopital.<br><br>Pwofesè a ap mande elèv yo si gen kèk lòt kote yo ale souvan epi ki moun ki konn mennen yo.<br><br>Pwofesè ap mande pou yo chwazi plis ke yon moun lè sa posib. Pwofesè ap esplike granmoun gen reskonsabilite pou mennen timoun lopital lè yo malad epi pran swen yo, asire ke yo ale lekòl. | Elèv ki deziye yo, youn apre lòt ap vin chwazi pou chak kote tout moun nan fanmi yo ki konn mennen yo. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10




Ekran 7




Ekran korije

**Aktivite 8 :** Distenge ki moun nan fanmi an ki plis ede nou.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo koute byen chak kesyon.<br><br>Li konsiy lan. | Koute kesyon yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk  elèv, youn apre lòt reponn tou le 3 kesyon yo.<br>Pwofesè a dwe note repons elèv yo sou tablo a.<br>Pwofese a ap konpare repons elèv yo, pou li montre menm si gen kòk diferans nan fanmi yo, men granmoun yo dwe toujou ede timoun yo epi mete yo alèz ak yo.<br><br>Pwofesè a ap li kesyon yo pou elèv yo. | Elèv ki deziye yo  ap reponn twa kesyon yo, youn apre lot |




Ekran 8

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande kek elèv, youn apre lòt, pou reponn kesyon an.<br><br>Pwofesè a ap mande chak elèv esplike poukisa se moun sa a ou byen moun sa yo, yo pi renmen rakonte jounen yo. Pwofesè a ap mande si gen moun ki pa janm rakonte jounen l ak pèson nan fanmi li, si genyen, li ap ankouraje yo pale ak gran moun nan fanmi yo ki konn ede yo nan kèk aktivite oswa ki konn jwe ak yo. | Elèv ki deziye yo  ap reponn kesyon an. |



Di ki moun nan fanmi n, nou pi renmen rakonte jounen nou lè nou sot lekòl epi di pou kisa.



Ekran 9

**Aktivite 10 :** Asosye manm fanmi ak yon aktivite li konn fè.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv bay yon repons pou chak fraz.<br><br>Pwofesè ap note diferans ki gen nan fanmi yo epi raple timoun yo ke tout fanmi pa viv relasyon yo menm jan.<br><br>Li enpòtan pou pwofesò a note fanmi ki genyen paran ki fè aktivite ki toujou rezève pou lòt sèks la, epi montre ke tout moun ka fè tout bagay. Gason ka fè manje pou fanmi yo.  Granmoun jwe domino, kat ak timoun. | Elèv yo ap reponn pou chak fraz. |




Di ki moun nan fanmi nou ki fè aktivite sa yo.


Se li ki fè manje chak dimanch.


Se li ki prepare inifòm nou pou n ale lekòl.


Se li ki siyen kanè lekòl nou.


Se li ki penyen nou pou n ale lekòl.


Se li ki ale nan reyinyon paran lekòl nou.

Ekran 10

# Leson 13

## Diferan kalite kay nan antouraj nou



# Rezime tout aktivite kou a:

## N ap pare nou



**Aktivite 1 :** Site diferan kalite kay nan antouraj nou.



**Aktivite 2 :** Rekonèt diferan kalite kay nan antouraj nou.

## N ap dekouvri



**Aktivite 3 :** Dekouvri diferan materyo ki fè kay nan antouraj yo.

## N ap pratike



**Aktivite 4 :** Idantifye kay ki fèt ak materyo diferan.



**Aktivite 5 :** Idantifye materyo ki fè yon kay.

## N ap gade kisa nou aprann



**Aktivite 6 :** Poze kesyon pou jwenn yon enfòmasyon sou yon kay.



**Aktivite 7 :** Rekonèt kisa ki ka fè diferans ant plizyè kay.




**Aktivite 8 :** Rekonèt lòt kalite materyo moun konn fè kay.

## N ap dekouvri



**Aktivite 9 :** Idantifye kay ki fèt ak materyo moun jwenn pi fasil nan antouraj yo.



**Aktivite 10 :** Idantifye kay moun ka deplase avèk yo.

## N ap gade kisa nou aprann



**Aktivite 11 :** Idantifye eleman ki enpòtan nan kou a.



**Aktivite 12 :** Rezime kou a.

| N ap pare nou | **Aktivite 1 :** Site diferan kalite kay nan antourj nou. | 1/12 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI+ Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br>Esplike elèv yo yo pral site kèk kalite kay yo konn wè. | Tande konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande elèv yo byen reflechi.<br>Envite elèv ki gen kèk repons pou leve men yo.<br>Apre chak repons, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv la di a.<br>Ekri repons elèv yo sou tablo a. | Reflechi epi reponn kesyon an. |
| 3 | **Remak:** Pa gen repons ki pa bon. Chak fwa, ensiste sou kesyon kalite kay.<br>**Egzanp kèk repons:** kay bwa, kay wòch, kay pay elatriye… | |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo kay yo pral antoure a fòk yo pale de li pou di kibò yo konn wèl epitou ak ki materyo kay sa a fèt. | Tande esplikasyon an epi reponn. |
| 3 | Envite elèv yo vin sou tablo, youn apre lòt, pou vin antoure kay li pral pale de li a.<br>Chak timoun gen pou chwazi yon sèl kay.<br>Chak fwa gen yon lòt elèv kap vin sou tablo a efase wonn elèv ki te vin anvan an te fè a.<br>**Egzanp repons:** kay la fèt avèk bwa epi li kouvri avèk pay… | Antoure imaj kay ki pi sanble yon kay yo konnen. |




Ekran 2

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade tout imaj ki sou tablo a pandan yap koute istwa a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande istwa a.<br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons lan vin sou tablo a epi antoure repons li a.<br><br>Mande elèv la pou l jistifye repons li a. Si repons lan bon, chwazi yon lòt elèv pou vin sou tablo a.<br><br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure epi jistifye.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 3




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite yon elèv vin sou tablo a pou l chwazi yon kay ki gen yon ti pinèz sou li epi di ak kisa kay sa a fèt.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a di a. | Reponn kesyon an.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |
| 3 | Fè elèv la klike sou ti pinèz la pou l ka verifye repons li a.<br>Chwazi elèv, youn apre lòt, pou fè menm jan pou lòt kay yo.<br>Lè tout etikèt yo fin parèt, mande elèv yo kisa yo remake.<br><br>**Repons:** Se sèl de kalite kay ki genyen sou foto a: kay beton ak blòk ki gen pinèz jòn epi kay blòk ak tòl ki gen pinèz ble. | Klike.<br><br>Reponn kesyon mèt la. |




Ekran 4




Ekran korije

N ap pratike | **Aktivite 5** : Idantifye materyo ki fè yon kay.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin relye chak materyo ki koresponn ak kay la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Relye epi di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 5




Ekran korije

**Aktivite 6 :** Poze kesyon pou jwenn yon enfòmasyon sou yon kay.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI sèlman | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsyi lan. |
| 2 | Envite yon elèv pou vin chwazi imaj yon kay nan tèt li san lòt elèv yo pa bezwen konnen. Lè li fin chwazi kay la, fè lòt elèv yo poze l kesyon pou yo ka konnen kiyès nan kay yo li te chawzi.<br><br>**Remak**: Men ki kalite kesyon timoun yo ka poze : Eske kay la kouvri ak beton? Eske l kò li fèt ak blòk,...<br>Elèv la ap gen pou l reponn wi oswa non sèlman jistan lòt elèv yo jwenn kay li te chwazi. | Chwazi yon biwo.<br>Poze kesyon. |
| 3 | Si nesesè fè yon egzanp ak elèv yo.<br>Kontinye ak plizyè lòt elèv. | |






Ekran 6

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI sèlman | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Bay elèv yo yon ti tan pou yo byen gade imaj yo.<br>Envite elèv ki gen yon repons leve men li pou l bay repons li a epi pou l esplike sa l di a.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv la di a.<br><br>**Repons:** Tout kay yo pa menm wotè, gen kay ak etaj, gen kay pa gen etaj. | Gade epi reponn. |


1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12





Ekran 7

| N ap gade kisa nou aprann | **Aktivite 8:** Rekonèt lòt kalite materyo moun konn fè kay. | 8/12 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Esplike elèv yo yo pral wè lòt kay ak lòt kalite materyo moun konn sèvi pou fè kay. | Koute esplikasyon yo. |




Ekran 8

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo ki diferans ki genyen ant kay sa yo ak kay ki nan antouraj yo a epi pou yo di poukisa dapre yo se ak materyo sa yo moun yo fè kay sa yo.<br>Esplike elèv yo tout kay pa fèt ak menm materyo. Diferans nan kay sa yo depann de kote moun nan rete a ak kalite materyo li ka jwenn pi fasil nan antouraj li.<br><br>**Ekzanp:**<br>**Imaj 1**: Yon kay iglou se yon kay moun fè ak nèj paske se li ki pi fasil pou jwenn nan zòn kote moun nan rete a.<br>**Imaj 2**: yon kay wòch fèt ak wòch pou menm kòz ak imaj 1 an.<br>**Imaj 3**: Yon kay piloti fèt sou pikèt bwa paske moun yo rete bò dlo li pwoteje yo epi li fasil pou yo jwenn. | Reponn.<br><br>Koute esplikasyon yo. |

An nou pale de lòt kalite kay ki genyen.







Ekran 9

| N ap dekouvri | **Aktivite 10:** Idantifye yon kay moun ka deplase avèl. | 10/12 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo ki diferans ki genyen ant kay sa yo ak kay ki nan antouraj yo a epi pou yo di poukisa dapre yo se ak materyo sa yo moun yo fè kay sa yo.<br>Esplike elèv yo tout kay pa fèt ak menm materyo. Kay sa yo ka deplase byen fasil paske yo fèt ak materyo ki pèmèt moun deplase san pwoblèm.<br><br>**Ekzanp:**<br>**Imaj 1**: Kay sa ka deplase fasil paske li fèt dèyè yon kamyon ki ka rale li san pwoblèm. Moun sèvi ak yo lè yon pral fè wout ki long anpil.<br>**Imaj 2**: Se yon kay bato. Kay sa a ka deplase sou dlo.<br>**Imaj 3**: Kay sa a fèt ak materyo ki lejè anpil epi li fasil pou defèt pou moun nan ka deplase avèl fasil. | Reponn.<br><br>Koute esplikasyon yo. |




Ekran 10

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 3 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi li repons yo ki ekri anba a. | Koute mèt la. |
| 2 | Mande elèv yo idantifye bon repons lan epi pou yo di poukisa se li ki pi bon pandan yap bay kèk egzanp yo te wè nan kou a.<br>Egzanp esplikasyon 1: tout kay pa fèt ak menm materyo paske genyen ki fèt ak bwa ak blòk ak tòl ak beton… | Reponn. |
| 3 | Chwazi yon elèv pou vin fè kwa bò kote bon repons lan. | Fè yon kwa. |
| 4 | Refè etap 1, 2, 3 pou de lòt ekran ki apre yo. | Reponn. Fè yon kwa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran korije 11




Ekran korije 12




Ekran korije 13

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la pou elèv yo epi fè yo li l poukont yo. Mande yo esplike sa yo sot li a ak mo pa yo san yo pa bezwen gade sou tablo a. | Li poukont yo epi reponn. |

An nou li ansanm

Yon *kay* se yon kote moun rete.

Tout moun rete nan yon kay men yo pa sanble. Kay yo diferan youn ak lòt akòz *materyo* ki bati yo pa menm epi yo pa menm *gwosè*.

Gen kay ki bati ak *bwa*, *blòk* oswa avèk *materyo* moun yo kapab jwenn *pi fasil* nan antouray yo, tankou *wòch*. Twati kay yo kapab fèt ak *pay*, ak *tòl* oswa *beton*.

Gen kay moun ka *deplase* avèk yo.
Gen kay ki *gwo* ki gen plizyè chanmòt epi gen kay ki *piti*.

Ekran 14

# Leson 14

# Jou fèt mwen



# Rezime aktivite kou a:

## M ap pare mwen



**Aktivite 1 :** Koute chante a epi chante ansanm.

## M ap dekouvri



**Aktivite 2 :** Rekonèt mwa ak dat ou fèt nan yon kalandriye.

## M ap pratike



**Aktivite 3** : Chwazi selon gou ou oswa bezwen ou.



**Aktivite 4 :** Chwazi tip aktivite ou ta renmen òganize pou fèt ou dapre santiman ou.



**Aktivite 5:** Chache konnen lòt dat enpòtan nan reyalite nou.



**Aktivite 6 :** Idantifye jou ki lyannen ak evennman kiltirèl selon tradisyon nou.



**Aktivite 7:** Pale sou kijan nou pase jou fèt nou.

## M ap kontwole kisa m aprann



**Aktivite 8 :** Rakonte pou kisa nou renmen jou fèt nou.



**Aktivite 9**: Prezante tèt ou, dat ou fèt ak laj ou.

## M ap amize mwen



**Aktivite 10:** Chache yon dat sou kalandriye.

| N ap pare nou | **Aktivite 1** : Koute chantte a epi chante ansanm. | 1/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br>Mande elèv yo koute chante a.<br>Mande elèv yo koute chante a pandan yo ap bat men yo sou rit chante a. | Gade imaj la epi tande konsiy lan.<br>Vini devan klas la si se mwa fèt yo pou koute chante a.<br>Koute chante a pandan nou ap bat men nou sou rit chante a. |
| 2 | Mande elèv yo chante pandan yo ap bat men yo sou rit chante. | Chante chante a pandan nou ap bat men nou sou rit chante. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10




Ekran 1

N ap dekouvri | **Aktivite 2** : Rekonèt mwa ak dat ou fèt nan yon kalandriye. | 2/10

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 6 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou tablo a. Si yo pa konnen kisa li ye, di yo se yon kalandriye. | Di kisa yo wè sou tablo a. |
| 2 | Fè kèk elèv di ki dat yo fèt. | Di ki dat yo fèt. |
| 3 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 4 | Envite kèk elèv vin antoure sou tablo a, vin glise mwa yo fèt la sou tèt kalandriye a epi antoure dat la. | Glise mwa yo fèt la sou tèt kalandriye a epi antoure dat la. |






Ekran 2




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 5 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj yo.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv  yo vini sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure kado yo ta renmen resevwa pou fèt yo. | Elèv ki desiye a ap vini sou tablo a pou antoure kado li ta renmen resevwa pou fèt li. |
| 3 | Envite kèk elèv  di lòt kado yo ta renmen resevwa men ki pa sou tablo a. | Elèv ki desiye a ka di lòt kado li ta renmen resevwa men ki pa sou tablo a. |






Ekran 3

**Aktivite 4:** Chwazi tip aktivite ou ta renmen òganize pou fèt ou dapre santiman ou.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 5 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo, youn apre lòt, pou vin fè yon kwa bò aktivite yo ta renmen paran yo òganize pou yo jou fèt yo. | Elèv ki deziye a ap vini fè yon kwa bò aktivite lita renmen paran li òganize pou li jou fèt li. |



Fè yon kwa bò kote aktivite nou ta renmen paran nou òganize pou nou ak zanmi nou pou fèt nou.

- [ ] koupe gato lakay mwen ak fanmi mwen
- [ ] Jounen sou plaj ak fanmi mwen
- [ ] Jounen nan montay ak zanmi mwen
- [ ] Pwomnad sou kannòt nan lanmè ak zanmi mwen
- [ ] Koupe gato nan klas la ak kanmarad mwen

Ekran 4

**Aktivite 5:** Chache konnen lòt dat enpòtan nan reyalite nou.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 5 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo, youn apre lòt, vini relye dat enpòtan ki nan reyalite nou ak evennman ki mache ak yo. | Elèv ki deziye a ap vini relye yon dat enpòtan ki nan reyalite nou ak evennmanki mache ak li. |






Ekran 6




Ekran korije

| N ap pratike | **Aktivite 6**: Idantifye jou ki lyannen ak evennman kiltirèl selon tradisyon nou. | 6/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 5 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv, youn apre lòt, jwenn repons ki koresponn ak enfòmasyon yo bay la. | Elèv ki deziye a ap vin bay repons ki koresponn ak enfòmasyon yo bay la. |

**Repons yo**: Jounen Entènasyonal Dwa timoun, Jou Fèt Nwèl, Jou Fèt manman, Jou Fèt papa, Jounen timoun, Jou fèt mwen




Ekran 7




Ekran korije

**Aktivite 7:** Pale sou kijan nou pase jou fèt nou.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Mande elèv yo koute sa Ana ap di sou fèt li. | Koute konsiy lan.<br><br>Koute kisa Ana ap di sou jou fèt li. |
| 2 | Envite kèk elèv, youn apre lòt, vini pale sou kijan yo pase jou fèt yo. | Elèv ki deziye a ap vini vini ap pale sou kijan li pase jou fèt li. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10




Ekran 7

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Mande elèv yo pou yo koute Ana ki ap rakonte pou kisa li renmen jou fèt li. | Koute konsiy lan.<br><br>Koute kisa Ana ap rakonte. |
| 2 | Mande elèv yo, youn apre lòt, pou vin rakonte pou kisa yo renmen jou fèt yo. | Elèv ki deziye a ap pase devan klas la pou li rakonte pou kisa li renmen jou fèt li. |




Ekran 8

**Aktivite 9 :** Prezante tèt ou, dat ou fèt ak laj ou.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Mande elèv yo pou yo byen koute kijan Jan ap prezante tèt li. | Koute konsiy lan.<br><br>Koute kijan Jan ap prezante tèt li. |
| 2 | Mande elèv yo, youn apre lòt, pou vin prezante tèt yo devan klas la. | Elèv ki deziye a ap pase devan klas pou vin prezante tèt li. |






Ekran 9

| N ap amize nou | **Aktivite 10 :** Chache yon dat sou kalandriye. | 10/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande chak elèv pou vin chache dat fèt manman li oswa papa li sou kalandriye a epi antoure mwa a ak dat la. **Egzanp la: 27 jiyè**.<br><br>Mande elèv yo, youn apre lòt, pou vin chache kèk lòt dat sou kalandriye a. | Elève ki deziye a ap pase devan klas pou vin chache dat fèt manman li oswa papa li sou kandriye a.<br><br>Elève ki deziye a ap pase devan klas pou vin chache kèk dat sou kalandriye a. |




Ekran 10




Ekran korije

# Leson 15

## Dimansyon ak fòm nan anviwònman nou



# Rezime aktivite kou a:

## M ap pare mwen



**Aktivite 1 :** Distenge gwo ak piti.

## M ap dekouvri



**Aktivite 2 :** Dekouvri divès fòm ki genyen.

## M ap pratike



**Aktivite 3** : Idantifye fòm yon eleman genyen.



**Aktivite 4 :** Idantifye ak ki fòm yon eleman sanble.



**Aktivite 5:** Devine yon objè dapre fòm ak dimansyon li .



**Aktivite 6 :** Esplike pou kisa kèk batiman dwe gwo.



**Aktivite 7 :** Distenge kantite nan yon gwoup.

## M ap kontwole kisa m aprann



**Aktivite 8**: Distenge gwo, mwayen, piti.

## M ap amize mwen



**Aktivite 9:** Koute kesyon timoun yo ap poze epi reponn.

| N ap pare nou | **Aktivite 1** : Distenge gwo ak piti. | 1/9 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la<br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo, youn apre lòt, pou distenge nan chak gwoup, ki eleman ki pi gwo oswa ki pi piti. | Elèv ki deziye a ap vin distenge nan chak gwoup, ki eleman ki pi gwo oswa ki pi piti. |




Ekran 1




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv yo koute divès fòm ki genyen epi rekonèt yo sou kay pope Ana a. | Koute esplikasyon Ana yo sou fòm li rekonèt. |
| 3 | Envite elèv  yo bay fòm yo rekonèt nan klas la. | Koute divès fòm ki genyen epi rekonèt yo sou kay pope Ana a.<br><br>Elèv  ki deziye a  ka bay fòm yo rekonèt nan klas la. |






Ekran 2

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la. Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite 4 elèv, youn apre lòt, vini sou tablo a pou relye imaj yo ak non fòm ki koresponn ak li. | Elèv ki deziye a ap vini sou tablo a pou relye imaj yo ak non fòm ki koresponn ak li. |






Ekran 3




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 5 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
